


# Pwogram Lekòl Matènèl Inivèsèl Boston (« Boston Universal Pre-K Program ») Yon Bilan sou Lane 2021-2022

Lekòl Matènèl Inivèsèl Boston te lanse an 2019 pou founi bonjan kalite lekòl matènèl pou tout timoun laj 4 an nan Vil Boston, an patenarya avèk divès pwogram kominotè. Pwogram nan kontinye ap pran ekstansyon e kounye a li sèvi timoun laj 3 an pou konble bezwen kominote a. Lekòl matènèl konstitye yon jounen 6,5 èdtan pou 180 jou pa ane. Piblikasyon sa a souliye enpak ak ekspansyon pwogram nan avèk letan nan anviwònman pwogram kominotè yo.

## Enskripsyon nan pwogram komimotè Lekòl Matènèl Inivèsèl Boston an (« Boston UPK »)



# 92%

Nan 100% kapasite

- **Plas yo te ranpli jiska 92% kapasite an 2021 jiska 2022** : plas timoun laj 4 an yo te ranpli jiska 90%, e plas timoun laj 3 zan yo te ranplis jiska 98%
- **83%** nan plas pwogram kominotè yo te ranpli avan kòmansman ane skolè a
- 21 òganizasyon, 32 lokal pwogram kominotè (28 lokal te gen plas finanse, 4 nan yo se te lokal ki t ap fenk kòmanse)

## Sèvis ki founi bay pwogram komimotè UPK yo ak done sal de klas



**Te gen 78 opòtinite pou angajman** ki te ofri bay manm pèsònèl oganizasyon kominotè sila yo ke pwogram UPK la t ap finanse an 2021-2022, pami yo : devlopman pwofesyonèl ak divès atelye pou edikatè yo, administratè yo ak manm Koodonatè fanmi yo. Se Boston UPK ak patnè kominotè li yo ki anime evènman yo ak atelye yo.



**383** fanmi te jwenn sèvis atravè divès evènman, fòmasyon, ak opòtinite resous divès patnè



**28 pami 41** sal de klas UPK te atenn kalite siperyè nan tout domèn yo te mezire yo. **33 pami 41** sal de klas te montre **70%** konfòmite a pwogram etid la, pandanke 29 sal de klas te montre bonjan kalite rezilta de 3,5 oswa pi wo (sou yon echèl de 1 jiska 4).




**101** referans te fèt pou Edikasyon Espesyal, Sante Konpòtmantal, ak Related Services (sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal)



**214** sesyon antrènman (sesyon fòmasyon)/vizitasyon nan lokal yo an 2021-2022 pou asire ke pratik ansèyman yo se bonjan kalite pratik siperyè

## Finansman ak depans ki previ pou Ane Fiskal 2022



### Divès Depans Previ


Plas UPK yo	\$7,720,126
Manm pèsònèl Lekòl Piblik Boston	\$2,194,678
Sal de klas ki fenk kòmanse yo	\$669,497
Sipò yo (devlopman pwofesyonèl, et setera)	\$433,828
Ekipman	\$160,646
Sibvansyon pou Ekite	\$113,349
Pwogram Pilòt Konplemantè (Estraskolè)	\$34,703
Bous Pwofesè pou Kou yo, Revizyon Pwogram Etid yo	\$26,639
Pri Endirèk y ap Kouste Distri a	\$22,951
<b>TOTAL ANTOU</b>	<b>\$11,376,417</b>

## Divès pwogram kominotè UPK avèk letan

Depi 2019-2020, Boston UPK ap grandi piti piti, nan fason l ap ogmante kantite òganizatè kominotè ki jwenn sèvis, kantite lokal yo, ak total sal de klas yo.

- Òganizasyon yo
- Lokal yo
- Total sal de klas

\* Previ



## Temwayaj

« Sa se premye ane pitit fi marasa nou yo lekòl, e li te yon gran eksperyans. Mwen pa kab kwè kantite pwogrè pitit fi m yo arive fè pandan ane ki sot pase a. Yo montre plis matirite nan konvèsasyon nou yo e yo gen anpil angouman pou yo aprann. Yo toude a kapab konte jiska 30, ni an angle, ni an vyetnamyen. Defenitivman UPK arive prepare yo pou jadendanfan, e m konnen ke y ap kapab vanse pou devan avèk konfyans nan tèt yo. »

— **Yon paran elèv UPK nan lekòl matènèl VietAID Āu Co'Preschool**

« UPK rann li posib pou yo peye divès pwofesè ki ekselan yon bon salè, kore yo avèk fòmasyon, e investi kontinyèlman nan sal de klas nou yo. Pwofesè nou yo apresye kalite siperyè pwogram etid la e yo fyè dèske yo fè pati kominote UPK nou an. Elèv nou yo ap evolye, e paran yo trè satisfè avèk patenarya nou etabli avèk Lekòl Piblik Boston. Sal de klas UPK nou yo etabli yon standa entèn siperyè e yo leve estati òganizasyon nou an pi wo. »

— **Direktè Jeneral sant Ellis Early Learning**